



Pou Piblikasyon Imedya: 15/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 46 MILYON DOLA POU FONI DJÒB ETE POU JÈN DEFAVORIZE YO

Pwogram Travay Ete pou Jèn yo bay travay ak fòmasyon valab pou jèn yo

Yon estimasyon 19,000 jèn ki soti nan fanmi ki gen revni fèb pral patisipe ane sa a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodia ke plis pase 46 milyon doa pral disponib pou sipòte Pwogram Travay Ete pou Jèn (Summer Youth Employment Program) yo nan Eta New York la ane sa a. Jere pa Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta a, pwogram lan entwodui jèn ki soti nan fanmi ki gen revni fèb yo nan mache travay la pou yo ka devlope ladrès itil ki pral ede yo amelyore pèfòmans lekòl la epi vin granmoun responsab.

"Pwogram Travay Ete pou Jèn yo reprezante yon investisman entelijan, sible nan pwochen jenerasyon mendèv nou an ki pral peye dividann pou Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou pran angajman pou elimine baryè ki genyen pou jèn ki defavorize yo antre nan mache travay la, e jèn ki patisipe nan pwogram sa a pral aprann ladrès ki gen anpil valè, enpòtans reyisit edikatif, epi sitou, yo pral mete yo sou yon chemen ki mennen nan siksè."

"Pwogram Travay Ete pou Jèn yo te administre pa OTDA kenbe timoun yo okipe, li retire yo nan lari yo epi mete yo kanpe lwen aparèy yo lè li ba yo eksperyans travay reyèl", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Pwogram sa a bay timoun ki otreman pa ta gen opòtinite yo chans pou yo devlope konpetans nan lavi reyèl ki pral rete avèk yo pou tout lavi. Se responsabilite nou pou nou asire ke tout timoun nou yo, kèlkeswa kote y ap viv, koulè po yo oswa fason yo grandi, gen opòtinite pou amelyore lavi yo."

Pwogram Travay Ete pou Jèn yo sipòte kominote yo nan tout Eta a nan kreye djòb ete pou jèn yo ki soti nan fanmi ki gen revni fèb yo, ki gen ladan kominote kote jèn yo vilnerab oswa sansib fas ak vyolans ak zam. Patisipan yo travay nan jòb kòm debitan nan kote tankou pak yo, mezon retret yo, kan dete yo, òganizasyon yo ki gade timoun, sant pou granmoun yo, ak sant kominotè pou rekreyasyon yo, ak lòt ankò.

Pwogram nan konplete plan konplè Gouvènè a pou abòde vyolans ak zam, ki enkli [ekspansyon pwogram SNUG Street Outreach la](#) ki ede nan medyasyon konfli ak konseye jèn yo.

Pou elijib pou pwogram 2022 a, jèn moun yo dwe gen laj 14 jiska 20 ane epi genyen yon revni fanmi ki mwens pase 200 pousan nivo povrete federal la (oswa 46,060 dola pou yon fanmi ki gen twa moun). Anplwayè yo ka itilize fon an pou sibvansyone salè yo, sipòte aktivite edikatif ak aktivite fòmasyon, ansanm avèk ofri sèvis jesyon ka epi ki gen rapò ak travay, tankou transpòtasyon pou ale ak soti nan travay. Jèn moun ki enterese pou patisipe yo kapab kontakte [depatman sèvis sosyal lokal](#) pa yo.

Pwogram nan sèvi plis pase 18,500 jèn ane pase, ba yo eksperyans mendèv ki gen anpil valè, epi souvan bay pèfòmans akademik amelyore anapre.

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare, "Enpak yon eksperyans mendèv pozitif ka genyen sou jèn yo pa ka estime twòp, espesyalman pou jèn sa yo ki soti nan fanmi ki gen revni fèb yo. Deplizanpli rechèch yo ap egzamine anpil avantaj varye pwogram sa a paske jèn ki gen revni fèb yo souvan fè fas ak yon tranzisyon difisil pou jwenn yon travay ki ba yo salè ki pèmèt yo viv epi atenn edikasyon siperyè. Anplis revni li bay la, Pwogram Travay Ete pou Jèn lan ka ede jèn sa yo rekonèt enpòtans siksè edikasyonèl epi finalman elaji aspirasyon karyè yo."

Senatè eta a, Roxanne J. Persaud te deklare, "Pwogram Travay Ete pou Jèn yo se yon katalizè pou chanjman nan mitan jèn Nouyòkè yo ki otreman gen dwa pa gen yon opòtinite menm jan an pou aprann, grandi ak bati CV yo atravè travay pandan ete ki peye. SYEP asosye plizyè dizèn milye jèn atravè Eta New York ak travay enpòtan nan sektè piblik, prive ak nan sektè san bi likratif yo. Envestisman 46 milyon dola nan Eta New York ede asire ke jèn ki soti nan fanmi ki gen plis kontrent ekonomik yo gen bèl opòtinite sa a."

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "Envestisman an nan Travay Ete pou Jèn yo pral kontinye bay rezilta pandan ane k ap vini yo. Jèn ki patisipe nan pwogram travay ete pou jèn yo souvan fè eksperyans ak pi gwo siksè akademik pandan y ap gen opòtinite pou eksplòre yon divès kalite chemen karyè. Envestisman ane sa a ki gen plis pase 46 milyon dola nan pwogram nan pral pèmèt konte yo atravè eta a sipòte jèn ki defavorize yo pandan y ap ede enstalasyon tankou pak, kan ete, òganizasyon gadri, sant pou granmoun aje yo ak sant rekreyasyon yo jwenn asistans ki gen anpil valè. Pandan n ap bay plizyè milye jèn opòtinite pou yo jwenn eksperyans travay itil pandan ete sa a, nou pral ede ekipe yo tou ak konpetans ak edikasyon ki nesèsè pou reyalize objektif yo pita nan lavi yo."

Konte	Finansman
Albany	\$649,223

Allegany	\$188,995
Broome	\$524,430
Cattaraugus	\$268,058
Cayuga	\$190,526
Chautauqua	\$409,747
Chemung	\$212,999
Chenango	\$143,435
Clinton	\$210,251
Columbia	\$110,582
Cortland	\$149,431
Delaware	\$122,498
Dutchess	\$526,168
Erie	\$2,093,125
Essex	\$78,159
Franklin	\$156,585
Fulton	\$140,200
Genesee	\$116,649
Greene	\$115,533
Hamilton	\$11,874
Herkimer	\$163,548
Jefferson	\$306,198
Lewis	\$80,035
Livingston	\$169,986
Madison	\$181,794
Monroe	\$1,767,739
Montgomery	\$138,448
Nassau	\$1,463,132
Niagara	\$464,512
NYC	\$23,937,992
Oneida	\$588,583
Onondaga	\$1,127,664
Ontario	\$209,353
Orange	\$818,017
Orleans	\$111,110
Oswego	\$390,935
Otsego	\$193,412
Putnam	\$89,984
Rensselaer	\$328,624
Rockland	\$721,128
Saratoga	\$272,155

Schenectady	\$298,363
Schoharie	\$85,770
Schuyler	\$47,925
Seneca	\$103,465
St Lawrence	\$418,464
Steuben	\$259,040
Suffolk	\$1,863,267
Sullivan	\$192,420
Tioga	\$118,459
Tompkins	\$398,823
Ulster	\$346,260
Warren	\$112,062
Washington	\$142,015
Wayne	\$200,848
Westchester	\$1,392,656
Wyoming	\$105,869
Yates	\$71,477
Total	\$46,100,000

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)